

## UNITED STATES DEPARTMENT OF AGRICULTURE (USDA)

### Enstriksyon pou Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA (Fòm plent la anba enstriksyon yo)

**OBJEKTIF:** Ou ka itilize fòm sa a si ou kwè ou te sibi diskriminasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA epi si ou vle pote yon plent pou diskriminasyon. Ou ka itilize fòm nan pou pote plent pou diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, andikap, laj, sitiyasyon matrimonyal, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon fanmi/paran, revni ki sòti nan pwogram asistans piblik ak konviksyon politik. Si w bezwen asistans pou ranpli fòm nan, ou ka rele nenpòt nan nimewo telefòn ki endike anba fòm plent la. Ou pa oblije itilize fòm plent lan. Ou ka ekri yon lèt pito. Si w ekri yon lèt, li dwe genyen tout enfòmasyon yo mande nan fòm lan epi oumenm oswa reprezantan ou otorize a dwe siyen li.

Ou ka voye yon plent tou pa FAKS oswa lapòs Sèvis Postal Etazini. Nou dwe genyen yon kopi plent ou a ki siyen. Enfòmasyon enkonplè oswa yon fòm ki pa siyen pral retade pwosesis plent ou a.

**DAT LIMIT POU DEPO:** Yon plent pou diskriminasyon nan yon pwogram dwe depoze pa pita pase 180 jou apati dat ou te konnen oswa te dwe konnen prezime diskriminasyon an, sòf si USDA pwolonje tan pou depoze a. Yo konsidere plent ki voye pa lapòs yo depoze nan dat plent lan te siyen an, sòf si dat ki sou lèt plent lan diferan de sèt jou oswa plis de dat tenm lapòs la, nan ka sa a, yo pral itilize dat lapòs la kòm dat depo. Y ap konsidere dokiman plent oswa fòm plent ki voye pa faks oswa pa lapòs yo depoze nan jou yo voye plent lan pa faks oswa pa lapòs. Plent ki depoze apre dat limit 180 jou a dwe genyen yon eksplikasyon 'bon kòz' pou reta a. Pa egzanp, si:

1. Yo pa t kapab yon fason rezonab ou konnen zak diskriminatwa a nan peryòd 180 jou a;
2. Ou te malad grav oswa nan enkapasite pou travay;
3. Menm plent lan te depoze nan yon lòt ajans federal, leta oswa lokal epi ajans sa a pa t aji sou plent ou a.

**POLITIK USDA:** Lwa ak politik federal la entèdi diskriminasyon kont ou ki baze sou bagay sa yo: ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, andikap, laj, eta sivil, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon fanmi/paran, revni ki sòti nan yon pwogram asistans piblik, ak konviksyon politik. (Se pa tout baz yo ki aplike pou tout pwogram yo).

USDA ap detèmine si li gen konpetans dapre lalwa pou trete plent lan sou baz ki idantifye nan plent lan ak nan pwogram ki endike nan plent lan. Repezay ki baze sou aktivite dwa sivil anvan yo entèdi.

**ADRÈS PWOPRIYETE:** Si plent sa a enplike yon fèm oswa yon lòt byen imobilye ki pa adrès ou genyen kounye a, ekri adrès fèm oswa byen imobilye sa a. Sinon, pati sa a nan fòm lan ka rete vid.

### **TANPRI LI ENFÒMASYON JIRIDIK ENPÒTAN ANBA KONSANTMAN AN**

Yo bay Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA sa a an konfòmite ak Lwa sou Konfidansyalite 1974, 5 USC §552a, epi yo itilize yo pou bay enfòmasyon avi sa a atache ladann lan. Biwo Asistan Sekretè Dwa Sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA) mande enfòmasyon sa yo dapre 7 CFR Pati 15.

Si yo aksepte fòm ranpli a kòm yon ka plent, yo pral itilize enfòmasyon yo kolekte pandan ankèt la pou trete plent diskriminasyon nan pwogram ou an.

### **REPEZAY (VANJANS) ENTÈDI:**

Okenn Ajans, ofisyè, anplwaye oswa ajan USDA, ki gen ladan moun ki reprezante USDA ak pwogram li yo, pa dwe entimide, menase, anmède, fòse, fè diskriminasyon kont moun, oswa vanjans kont okenn moun ki te depoze yon plent pou prezime diskriminasyon oswa ki patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt oswa lòt pwosedi ki souleve alegasyon diskriminasyon.



UNITED STATES DEPARTMENT OF AGRICULTURE (USDA)  
Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram

Non: Inisyal Dezyèm Non: Siyati:

Bay Adrès Postal konplè ou  
Nimewo ak Ri, Bwat Postal, oswa Wout:

Nimewo Apatman (si sa aplikab):

Vil, Eta ak Kòd Postal:

Adrès Imèl:

Nimewo telefòn (avèk kòd rejyonal):

Lòt Telefòn (avèk kòd rejyonal):

Pi bon fason pou jwenn ou (chwazi youn)

Lapòs: Telefòn: Imèl: Lòt:

Èske w gen yon reprezantan (avoka oswa lòt defansè) pou plent sa a?

Wi: Non:

Si ou chwazi Wi, tanpri bay enfòmasyon sa yo sou reprezantan w lan:

Non Reprezantan an: Siyati I:

Nimewo ak Ri, Bwat Postal, Wout:

Nimewo Apatman:

Vil, Eta ak Kòd Postal:

Telefòn: Imèl:

1. Ki moun ou kwè ki fè diskriminasyon kont ou? Sèvi ak paj adisyonèl, si sa nesesè.  
Non moun nan (yo) ki enplike nan prezime diskriminasyon an (si ou konnen I):

Tanpri bay non pwogram ou te aplike pou li a (si ou konnen I/si sa aplikab):

Tanpri chwazi Ajans USDA anba a ki jere pwogram nan oswa ki bay asistans finansye federal pou pwogram nan (si ou konnen l):

Ajans Sèvis Fèm  
Devlopman Riral  
Sèvis Forè

Sèvis Manje ak Nitrisyon:  
Sèvis Konsèvasyon Resous Natirèl  
Lòt:

2. Kisa ki te rive ou? Endike dat kote prezime diskriminasyon an te fèt epi dekri sa ki te pase. Si prezime diskriminasyon an te fèt plis pase yon fwa, tanpri bay lòt dat yo epi dekri sa ki te pase. Sèvi ak paj adisyonèl, si sa nesèsè, epi tanpri mete tout dokiman sipò ki ta ede montre sa ki te pase a.

- 
3. Ki kote diskriminasyon an te fèt?  
Adrès kote ensidan an te rive a:

---

Nimewo, Ri, Bwat Postal, Wout:

---

Vil

---

Eta

---

Kòd Postal

4. Se yon vyolasyon lalwa lè yo fè diskriminasyon kont ou sou baz sa ki annapre yo: ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, andikap, laj, eta sivil, sitiyasyon fanmi/paran, revni ki sòti nan yon pwogram asistans piblik, ak konviksyon politik. (Se pa tout baz yo ki aplike pou tout pwogram yo) Reprèzay sou baz aktivite dwa sivil anvan yo entèdi.

Mwen kwè ke mwen te viktim diskriminasyon akòz

5. Solisyon: Ki jan ou ta renmen wè plent sa a rezoud?

6. Èske w te depoze yon plent konsènan ensidan an (yo) nan yon lòt ajans federal, leta oswa lokal oswa nan yon tribinal?

Wi:            Non:

Si wi, nan ki ajans oswa tribinal ou te depoze l? \_\_\_\_\_

kilè ou te depoze l?    \_\_\_\_\_                      \_\_\_\_\_                      \_\_\_\_\_  
  Jou                                      Mwa                                      Ane

Siyati: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

**Voye Fòm Ranpli a Pa Lapòs Pou:**  
USDA

Biwo Asistan Sekretè Dwa Sivil la  
1400 Independence Ave, SW, Stop 9410  
Washington, DC 20250-9410  
\_\_\_\_\_

**Nimewo Telefòn:**

Zòn lokal: (202) 260-1026  
Nimewo gratis: (866) 632-9992  
Relè lokal oswa Federal: (800) 877-8339  
Relè Panyòl: (800) 845-6136  
Faks: 1-833-256-1665

## **LWA SOU REDIKSYON PAPYE AK DEKLARASYON CHAY PIBLIK:**

Lwa 1995 sou Rediksyon Papye (44 U.S.C 3501 et seq.) egzije nou pou nou enfòmè w ke nou kolekte enfòmasyon sa yo pou asire ke plent ou a genyen tout enfòmasyon ki nesèsè pou pote yon plent. Biwo Asistan Sekretè Dwa Sivil la pral sèvi ak enfòmasyon yo pou trete plent ou pou diskriminasyon nan yon pwogram.

Repons pou demann sa a se volontè. Enfòmasyon ou bay sou fòm sa a pral sèlman pataje ak moun ki gen yon bezwen ofisyèl pou konnen, epi yo pral pwoteje kont divilgasyon piblik dapre dispozisyon Lwa sou Vi Prive, 5 U.S.C § 552a(b).

Estimasyon tan ki nesèsè pou ranpli fòm sa a se 60 minit. Ou ka voye kòmantè konsènan presizyon estimasyon sa a ak nenpòt sijesyon pou diminye tan pou ranpli fòm nan bay USDA, Biwo Asistan Sekretè Dwa Sivil, 1400 Independence Ave, SW, Washington, DC 20250-9410.

Yon ajans pa ka fè oswa patwone, ni yon moun pa oblije reponn, yon koleksyon enfòmasyon sof si li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valid kounye a. Nimewo Kontwòl OMB pou fòm sa a se 0508-0002.